



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK NÈF LÒT GOUVÈNÈ PIBLIYE LÈT YO VOYE BAY  
GOUVÈNMAN FEDERAL LA POU FÈ KONNEN YO OPOZE A ITILIZASYON LEVE  
KANON SISMIK ALÈ KONPRIME YO POU FORAJ PETWOLYE AK GAZ OLAJ ZÒN  
KÒT YO**

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak gouvènè nèf eta ki sou zòn kòt Atlantik la yo ki gen ladan Connecticut, Delaware, Maryland, Massachusetts, New Jersey, North Carolina, Rhode Island, South Carolina ak Virginia, [te pibliye yon lèt](#) yo voye bay Minis Komès la Wilbur Ross ak Minis Enteryè a Ryan Zinke yè swa pou fè konnen yo opoze a pèmi pou itilizasyon leve kanon sismik alè konprime Ministè Komès Etazini an (U.S. Department of Commerce) te emèt bay plizyè konpayi yo.

Gouvènè Cuomo te opoze fèmeman a tantatif gouvènman federal la ap fè pou yo grandman agrandi foraj olaj zòn kòt la yo. Gouvènè a te fè demann fòmèl pou yo pa mete dlo New York yo nan pwogram foraj federal la epi li [te lanse yon petisyon](#) ke anpil milye moun te siyen an favè demann li an. Gouvènè Cuomo pral kontinye fè vanse pwojè-lwa Sove Dlo Nou yo (Save Our Waters) pou entèdi yon lwe tèren yo, ki gen ladan tèren ki anba dlo yo, pou foraj ak eksplorasyon olaj zòn kòt yo, ak enfrastrikti foraj yo, nan dlo Eta New York yo.

Tèks konplè lèt la disponib anba la a.

Onorab Wilbur L. Ross, Jr.  
Minis  
Ministè Komès Etazini an  
1401 Constitution Ave., NW  
Washington, D.C. 20230

Onorab Ryan Zinke  
Minis  
Depatman Enteryè Etazini an (U.S. Department of the Interior)  
1849 C Street NW  
Washington, D.C. 20240

Chè Minis Ross ak Minis Zinke:

Antanke gouvènè 10 eta ki sitiye sou zòn kòt Atlantik la yo, nou ap eki n pou nou di ankò ke nou fèmeman opoze a itilizasyon leve kanon sismik alè konprime ak foraj petwolye ak gaz olaj zòn kòt nou yo. Aktivite sa yo poze yon menas inakseptab ak initil pou ekosistèm kotyè nou yo ak pou ekonomi kotyè nou an yo. Nou kategorikman pa dakò ak desizyon Minis Komès la te pran resaman pou yo emèt otorizasyon asèlman

akseswa (incidental harassment authorizations, IHAs) pou itilizasyon leve kanon sismik alè konprime nan Oseyan Atlantik la. Nou egzòte Ministè Enteryè a pou yo refize bay pèmi pou itilizasyon leve kanon sismik alè konprime nan oseyan Atlantik la. Anplis de sa a, nou kategorikman opoze a enklizyon okenn rejyon ki sou zòn Oseyan Atlantik la nan dènye Pwogram Nasyonal pou Lokasyon Espas Andeyò Plato Kontinantal la pou Foraj Petwolye ak Gaz 2019-2024 la (National Outer Continental Shelf Oil and Gas Leasing Program).

Ekonomi kotyè nan chak eta nou an yo depann de endistri touristik ak lapèch dinamik nou an yo. IHAs yo pral pèmèt senk konpayi mennen leve kanon sismik alè konprime nan Oseyan Atlantik la, malgre gen evidans ke komite lekti te revize yo ki avize ke y ap gen efè negatif sou mamifè maren yo ak pwason yo, ki gen ladan espès menase yo. Itilizasyon leve kanon sismik alè konprime yo ka lakoz efè negatif grav, kimilatif ak kwonik sou kapasite mamifè maren genyen pou yo voye ak resevwa siyal ki esansyèl pou yo manje, repwodwi, elve pwojeniti yo, ak navigasyon yo. Bri fò k ap soti nan eksplozyon kanon alè konprime yo riske diminye kantite pwason ki esansyèl pou komès yo ak pou kominote ki fè lapèch pou lwazi nan eta nou yo.

Restriksyon leve sismik ki nan IHAs yo pa asire ke aktivite sa yo ap gen yon efè neglijab sou espès ki afekte yo. Restriksyon sa yo, pa egzant, pa reyisi konsidere kapasite vibrasyon kanon sismik alè konprime yo genyen pou yo vwayaje distans lwen, limit ekspozisyon apwopriye pou gen chanjman nan konpòtman espès yo, ak efè kimilatif k ap genyen lè yo mennen plizyè operasyon ki itilize leve kanon sismik alè konprime yo alafwa. Kòm konsekans, lè yo mennen leve sismik yo dapre otorizasyon sa yo sa ka lakoz lanmò ak blesi pèmanan pou pwason yo ak mamifè maren yo, ki gen ladan espès menase yo tankou Balèn Franch Nò Atlantik yo (North Atlantic right whale).

Ekonomi maritim Kòt Atlantik la jenere plis pase 98 milya dola nan pwodwi domestik bri, ki gen yon efè ekonomik ke itilizasyon leve kanon sismik alè konprime yo ak foraj petwolye ak gaz olaj zòn kòt yo pral menase. Plis pase 200 gouvènman lokal te pwomilge rezolisyon ki opoze a itilizasyon leve kanon sismik alè konprime yo ak/oswa foraj olaj zòn kòt Oseyan Atlantik la. Asosyasyon touristik yo, biwo kongrè yo ak biwo touristik yo, biznis yo, gwoup komèsyal yo, ak fonksyonè eli ki reprezante toude kan politik yo te fè konnen yo opoze a aktivite sa yo tou.

Lidè Eta a ak lidè lokal ki nan eta nou yo te toujou fè konnen ke moun nan toude pati politik yo kontinye gen menm opozisyon a itilizasyon leve kanon sismik alè konprime ak foraj olaj zòn kòt sa a. Nou mande pou nou respekte demann nou fè yo ak preyokipasyon nou genyen yo lè nou refize tout aplikasyon pou pèmi yo epi pa emèt lòt IHAs pou itilizasyon leve kanon sismik alè konprime nan Oseyan Atlantik la ankò. Anplis de sa a, nou ap mande pou nou pa mete Oseyan Atlantik la nan Pwogram Nasyonal pou Lokasyon Espas Andeyò Plato Kontinantal la pou Foraj Petwolye ak Gaz 2019-2024 la pou foraj olaj zòn kòt yo epi refize nenpòt aktivite alavni ki vize sipòte foraj olaj zòn kòt Oseyan Atlantik la.

Sensè Salitasyon,

Andrew Cuomo

Gouvènè New York la

Roy Cooper  
Gouvènè North Carolina

Henry McMaster  
Gouvènè South Carolina

Dannel Malloy  
Gouvènè Connecticut

Larry Hogan  
Gouvènè Maryland

Charlie Baker  
Gouvènè Massachusetts

John Carney  
Gouvènè Delaware

Ralph Northam  
Gouvènè Virginia

Gina Raimondo  
Gouvènè Rhode Island

Phillip D. Murphy  
Gouvènè New Jersey

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)